


Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Yesus Milih Dua
Belas Pembantu



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: E. Frischbutter, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Yesus ngalakukeun hal-hal anu luar biasa. Anjeunna nyageurkeun anu panyakitan, méré katengtreman dina haté jeung pikiran jalma-jalma nu kaganggu, jeung ngajarkeun Dawuhan Gusti.



Jalma-jalma daratang ka Yesus marenta tulung jeung nyageurkeun. Anjeunna mutuskeun milih dua belas jalma tina sakitu seueur pengikut-Na, pikeun ngabantosan Anjeunna dina padamelan Gusti.



Lamun Sadérék kedah mutuskeun pilihan penting, sadérék sadaya ngadoa teu ka Gusti?

Yesus ngalakukeun eta!
Di hiji tempat di gunung anu sepi, Anjeunna gadeuheus ka Bapa Surgawi-Na. Yesus ngado'a nepi ka panonpoé surup.







Yesus neneda
sapanjang peuting
jeung poek.



Isuk-isuk, Yesus nyauran pengikut-Na - sakabeh babaturan anu ngawula jeung nurut ka Anjeunna. Ti maranehna Anjeunna milih dua belas pikeun jadi pambantu husus, atawa rasul.




Dua jalma nu mimiti dipilih Yésus téh sadulur, Simon Petrus jeung Andréas. Maranéhna geus ninggalkeun usaha nelayan nalika Yésus mimiti nyauran maranéhna pikeun nuturkeun Anjeunna.




Yakobus jeung Yahya,
putra-putra Sebedeus,
geus ngantunkeun jaringna.




Yesus oge milih Pilipus, Bartolomeus, Mateus, Tomas, Simon urang Zelot, Yakobus anak Alpeus, Yudas adi Yakobus, jeung Yudas Iskariot nu saterasna jadi ngamusuhan ka Yesus.




Yésus ngajarkeun yén ngalaksanakeun
naon-naon anu diomongkeun-Na téh
ibarat ngawangun imah dina
dasar anu padet. Angin
badai telenges moal
ngancurkeun imah.



Tapi henteu patuh kana Firman Yesus
ibarat ngawangun bumi dina dasar keusik.
Nalika badai datang, imah bakal runtuh.



Sababaraha paréntah Yésus teh teu gampang.
"Lamun aya anu nyabok pipi katuhu, sodorkeun
oge pipi kénca anjeun," Anjeunna
ngajarkeun: "Mikaasih ka
musuh anjeun." Jalma butuh
pitulung Gusti pikeun
hirup kawas Yesus.



Yésus ogé nitah jalma-jalma
pikeun ngadoa dina jero hate
— henteu nembongkeun
sembahyang di hareupeun
jalma-jalma teu beda anu
dilakukeun sababaraha
pamingpin agama.



Yésus nyarios yén Gusti bakal nyumponan pangan jeung papakéan jalma-jalma nu percaya ka Anjeunna. Kusabab Gusti masihan kadaharan ka manuk sareng warna anu éndah pikeun kembang sareng semak, umat-Na tiasa percanten ka Anjeunna pikeun sagala kaperluanana.



Yesus ngajarkeun sagala rupa hal ka pembantu-Na nu nembé pisan dipilih dinten éta. Sanggeus Anjeunna réngsé, datang saurang anu lepra, menta Yesus pikeun nyageurkeun manéhna.



Yesus ngawaler ka nu lepra, "Kuring bakal nulungan. Geura beresih."
Bari muridna ningali, nu lepra teh

cageur, manehna cageur!

Ngan Putra Allah anu tiasa ngalakukeun éta. Pambantu-pambantuna terang yén aranjeunna ngagaduhan Guru anu hébat.




Yesus Milih Dua Belas Pembantu
Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti


Mateu 4-7, Markus 1, Lukas 6

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





39



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

